# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 मई 2024 भोजपुरी समाचार

सात फेरा में हो रहल लोकसभा चुनाव क पचवां फेरा में आजु प्रदेस क चउदह संसदीय सीटि– मोहनलालगंज, लखनऊ, रायबरेली, अमेठी, जालौन, झांसी, हमीरपुर, बांदा, फतेहपुर, कौशाम्बी, बाराबंकी, फैजाबाद, कैसरगंज अउर गोण्डा बदे सान्ति के साथे मतदान पूरा हो गइल।

मतदान क प्रक्रिया भिन्नहीं सात बजे से सुरू भइल। आखिरी सूचना मिलले ले संझा छौ बजे ले जवन मतदाता, मतदेय वाले जगहि पर लाइनि में रहलें, उनकर मतदान करावल जा रहल हौ। आजु प्रदेस क जवने चउदह संसदीय सीटिनि पर ओट पड़ि रहल हौ, ओहां कुलि एक सौ चउवालीस ओम्मेदवार मैदान में हवें, जेहमें से एक सौ एकतालीस पुरूस अउर तेरह महिला ओम्मेदवार हइनि, जबकि लखनऊ पूर्वी विधानसभा उप चुनाव में चारि गो ओम्मेदवार चुनाव मैदान में हवें।

पचवां फेरा बदे अट्ठाइस हजार छौ सौ अट्ठासी मतदेय स्थल बनावल गइल हो, जेहमें से चारि हजार दुइ सौ बत्तीस संवेदनसील अउर सतरह हजार एक सौ ओन्तीस मतदान केन्द्र सामान्य हौ। प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि निस्पक्ष अउर सान्ती के साथे मतदान बदे कड़ेर सुरक्षा इंतिजाम कइल गइल हौ।

चुनाव आयोग से मिलल आंकड़ा के मोताबिक आजु संझा पांच बजे ले प्रदेस में पचपन दसमलव आठ फीसदी ओट परल। एहमें सबसे बेसी मतदान चौंसठ दसमलव आठ छौ फीसदी, बाराबंकी लोकसभा सीटि पर भइल जबकि सबसे कम मतदान लखनऊ में ओन्चास दसमलव आठ आठ फीसदी रहल। एकरे अलावा बांदा में सत्तावन दसमलव तीनि आठ फसदी, अमेठी में बावन दसमलव छौ आठ फीसदी, फैजाबाद में सत्तावन दसमलव तीनि छौ फीसदी, फतेहपुर में चउवन दसमलव पांच छौ फीसदी, गोण्डा में पचास दसमलव दुइ एक फीसदी, हमीरपुर में सत्तावन दसमलव आठ तीनि फीसदी, जालौन में तिरपन दसमलव सात तीनि, झांसी में एकसठ दसमलव एक आठ, कैसरगंज में तिरपन दसमलव नौ दुइ, कौशाम्बी में पचास दसमलव छौ पांच, मोहनलालगंज में साठ दसमलव एक सुन्न अउर रायबरेली में छप्पन दसमलव दुइ छौ फीसदी ओट परल।

**********

भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने दुई दिन के दौरा पर बिहने संझा बनारस पहुचिहें। येह मौका पर भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उनके साथे मौजूद रहिहें।

बनारस क पुलिस लाईन में प्रधानमंत्री के अइले पर भाजपा क नेता लोगि उनकर स्वागत करिहें। एकरे बाद प्रधानमंत्री बनारस के सम्पूर्णानन्द संस्कृत विश्वविद्यालय में आयोजित **मातृ शक्ति सम्मेलन** में मौजूद मातृ शक्ति के संबोधित करिहें। येह कार्यक्रम में मंच संचालन के सथहीं सगरो भूमिका महिला लोगिन के ओरि से निभावल जाई। कार्यक्रम के देखत सुरक्षा क कड़ेर इतिजाम कइल गइल हौ। करीब एक घंटा क येह कार्यक्रम के बाद प्रधानमंत्री बीएलडब्लू स्थित गेस्ट हाउस खातिर रवाना हो जइहें, अउर ओहीं राति विश्राम करिहें। येह दौरान उहां के बनारस के प्रबुद्धजन से भेंटो कइ सकेलीं। अगिला दिन्न उहां के बस्ती में आयोजित चुनावी रैली के संबोधित करे खातिर रवाना हो जइबि।

**********

प्रदेस में पचवां अउर छठवां फेरा के चुनाव में ओट फिसदी बढ़ावे बदे मतदाता जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। मतदाता जागरूकता रैली के सथहीं कई गो अउरियो कार्यक्रम के जरिया से लोगिन के ओट देवे क अपीलि कइल जा रहल हौ। येह फेरा में आजु बनारस क केन्द्रीय संचार ब्यूरो कार्यालय के ओरि से डायट भदोहीं में मतदाता जागरूकता के ले के समूह चरचा, संवाद, गोस्ठी, प्रस्नोत्तरी अउर रंगोली प्रतियोगिता के जरिया से लोगिन के मतदान क अहमियत बतावल गइल। येह मौका पर कई गो प्रतियोगिता में बढ़ियां परदरसन करे वाले प्रसिक्षु लोगिन के सम्मानित कइल गइल।

**********

भारतीय आयुर्विज्ञान अनुसंधान परिषद (आईसीएमआर) कहले हवें कि कोवैक्सीन के परभावन पर बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय बीएचयू क अध्ययन से जुड़ल लेख भरमावे वाला हौ अउर येहमें परिषदो क गलत तरीका से हवाला दिहल गइल हौ। आईसीएमआर कहले हवे कि ऊ कवनो तरीका से येह अध्ययन से जुड़ल नाही हवे अउर येहमें सोध करे खातिर कउनो वित्तीय चाहे तकनीकी मददि नाही दिहले हवे। आईसीएमआर क महानिदेसक डॉक्टर राजीव बहल समाचार पत्र के लेखक अउर पत्रिका क संपादक लोगिन के सनेसा लिखि के कहले हवे कि आईसीएमआर क उल्लेख के जुरते हटावल जाव। उहां के कहली कि येह सोध में जवन भी घटना बतावल गइल हौ ओके कोविड–नाइन्टीन टीकाकरण से नाही जोड़ल जा सकेला।

ओहर आईसीएमआर, अधूरा सोध पत्र प्रस्तुत कइले पर काशी हिन्दू विश्वविद्यालय चिकित्सा विज्ञान संस्थान क निदेसक के एकर जांचि कइले क निरदेस दिहले हवे। निदेसक की ओरि से मामिला क जांचि के ले के एगो कमेटी क गठन कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु मौसम करवट लिहले हौ। तेज बेयारि के सथहीं भइल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हवे। अचक्के भइल बरखा के नाते तापमान में गिरवाट दरज कइल गइल हवे। भिन्नहियें से आसमान में बदरी छवे रहल। कई जिलन में रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से पछिला चउबीस घंटा में पच्छिमी अउर पूरबी उत्तर प्रदेस में हल्लुकाहे बुन्नि परल। अउरियो जिलन में लुह अउर गरमी क प्रकोप जारी हौ। कुशीनगर जिला में आजु तेज आन्ही–पानी के नाते कई जगहिन पर पेड़ गिरला के नाते बिजुली आपूर्ति अउर आवागमन बाधित भइल हवे। तेज आन्ही के नाते कुछु जगहिन पर लीची के फसिलि के नोकसान भइल हौ।

**********